

KONNEN DWA OU YO

Diskriminasyon sou Gwosès ak Pote Timoun

OFCCP Pwoteje w kont Diskriminasyon pou Gwosès

1. Ki sa ki se diskriminasyon kont gwosès?

Diskriminasyon kont gwosès nòmalman rive lè yon anplwayè trete yon anplwaye oswa aplikan ki nan yon travay yon fason defavorab poutèt li gen yon gwosès, akouchman oswa kondisyon medikal ki gen rapò ak gwosès oswa akouchman. Jan de diskriminasyon sa yo ka rive tou lè anplwayè yo gen règleman oswa pratik ki pou eskli travay an patikilye paske fanm ka vin ansent.

2. Ki sa ki dwa mwen?

OFCCP ranfòse lwa ak restriksyon ki rann yon konpayi kap fè biznis avèk Gouvènman Federal la ilegal pou l fè diskriminasyon kont oumenm nan anbochaj, revokasyon, konpansasyon, benefis, plasman travay, pwomosyon, revokasyon, fòmasyon, rekritman, ak lòt aktivite anplwaye akòz gwosès w, akouchman, oswa kondisyon medikal ou ki gen rapò ak kapasite pou fè pitit.

Ou gen sèten pwoteksyon si w vin ansent, akouche, oswa gen yon kondisyon medikal ki gen rapò ak gwosès oswa akouchman.

- Ou gen dwa travay osi lontan ke w kapab fè travay ou a.
- Yo dwe trete w menm jan ak lòt anplwaye ki gen menm kondisyon medikal avè w si w vin enkapab pou fè travay ou tanporèman akòz gwosès ou an.
- Ou gen dwa pou mande anplwayè w pou li kite louvri yon travay pou ou lè w pran yon absans ki gen rapò ak gwosès; li dwe kite l ouvè pou menm dire tan, ak daprè menm kondisyon yo, ki fè travay la rete ouvè pou anplwaye ki an konje maladi oswa lòt konje medikal.
- Ou gen dwa a menm benefis sa yo ke lòt anplwaye ki nan konje yo resevwa.
- Ou gen dwa dwe kapab pran jiska 12 semèn pou konje san peye chak ane pou rezon medikal yo (ki gen

ladann gwosès ak akouchman) ak swen pou timoun anba Lwa Fanmi ak konje medikal (Lwa FMLA-a). Toude paran yo kapab kalifye pou konje FMLA. Ou dwe rapòt tout Vyolasyon Lwa FMLA-yo bay Depatman Travay lan nan Divizyon Lè ak Salè (<http://www.dol.gov/whd>).

3. Èske gen bagay espesifik ke anplwayè m pa kapab fè si m ta vin ansent, akouche oswa gen yon kondisyon medikal ki gen rapò ak gwosès oswa akouchman?

Wi. Men kèk egzanp nan sa anplwayè w pa kapab fè:

- Refize yon travay akòz gwosès ou.
- Sèvi ak gwosès ou kòm yon eskiz li teste kapasite w nan travay. Sa vle di konfòme avèk kondisyon espesifik, tankou obligasyon pou bay yon nòt medikal ki montre ke ou pare pou retounen fonksyone si kondisyon sa yo pa gen obligasyon menm jan ak lòt anplwaye yo ki nan konje medikal yo.
- Fòse w pou rete nan konje jiskake w akouche pitit ou si w absan akòz kondisyon gwosès lan epi pou w rekiperé.
- Refize w travay paske w gen timoun pitit, amwenske anplwayè ou gen menm règleman pou anplwaye gason.
- Refize pou kouvri depans lopital ak lòt depans medikal ki gen rapò ak gwosès ou nan menm fason ke li ta ka kouvri depans sa yo pou lòt kondisyon medikal, si anplwayè w la bay benefis asirans medikal pou anplwaye l yo.
- Refize pou li bay w, tankou yon anplwaye ansent oswa yon nouvo paran, posibilité pou akimile ansyènte, vakans, ogmantasyon salè ak benefis enfimite tanporè nan menm fason an ak moun yo ki gen lòt konje medikal oswa pou lòt rezon.
- Refize pou ofri w aranjman akòz bezwen medikal ou ki asosye ak gwosès ou a, pandan ke gen akomodasyon ki menm jan ki bay pou lòt bezwen medikal, pou egzanp ki pèmèt ou chita oswa manje ti biskwit pandan shif ou a.



U.S. DEPARTMENT OF LABOR

4. Kisa ki se diskriminasyon ki baze sou sèks?

An jeneral, diskriminasyon nan anplwa egziste kote yon patwon ap trete w, antank yon anplwaye oubyen aplikan ak mwens favè akòz sèks ou. Diskriminasyon kapab egziste tou kote politik oubyen pwosedi aparamman nòmal yo gen yon enpak ase negatif sou anplwaye yo oubyen moun k ap aplike pou travay yo akòz sèks yo.

5. Kisa mwen dwe fè si mwen panse ke anplwayè m diskrimine kont mwen akoz gwosès, akouchman, pwoblèm medikal oswa kapasite repwodiksyon?

Ou ka pote yon plent avèk OFCCP. Ou pa bezwen konnen ak sètitid ke anplwayè ou a se yon kontraktè federal oswa tretan pou w depoze yon plent.

6. Kijan pou mwen fè pou mwen depoze yon plent ak OFCCP?

Pou depoze yon plent diskriminasyon, ou kapab:

- Ranpli yon fòm sou sitwèb OFCCP a epi soumèt li sou entènèt;
- Ranpli yon fòm an pèsòn nan biwo OFCCP a; oswa
- Poste, imèl, oswa fakse yon fòm ranpli bay biwo OFCCP reyjonal ki kouvari koet diskriminasyon w ap akize a te fèt la.

Fòm sa a disponib sou entènèt nan <http://www.dol.gov/ofccp/reg/compliance/pdf/pdfstart.htm> oswa sou papye nan tout biwo OFCCP yo. Pou jwenn biwo ki pi pre ou la, vizite lis sou entènèt biwo OFCCP yo nan <http://www.dol.gov/ofccp/contacts/ofnation2.htm>.

Ou dwe sonje siyen fòm akizasyon ou an ou ranpli a. Si ou pa fè sa, OFCCP ap toujou pran plent ou an, men yon envestigatè OFCCP pral mande w pou siyen fòm nan pandan yon suivi entèvyou. Ou dwe pote plent pou akizasyon kont diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, reliyion, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, oswa oriijin nasyonal nan peryòd 180 jou depi nan jou akizasyon pou diskriminasyon te rive a, amwenske yo te avanse dat la akòz yon rezon ki valab. Yo aplike menm peryòd 180 jou a pou plent akizasyon kont diskriminasyon yo tou pou diskisyon, deklarasyon oswa kesyon sou salè.

7. Èske anplwayè mwen kapab revoke mwen, mete mwen nan yon pozisyon pi ba, oswa trete mwen mal paske mwen te depoze yon plent?

Non. Li ilegal pou anplwayè ou pran vanjans kont ou poutèt ou pote yon plent oubyen patisce nan yon ankèt. Règleman OFCCP yo pwoteje ou kont arasman, entimidasyon, menas, presyon, oswa vanjans pou revandike dwa ou yo.

8. Èske mwen ka pote yon plent avèk OFCCP ak Komisyon Opòtinite Travay Egal-Ego a Equal Employment Opportunity Commission (EEOC)?

Wi, si ou depoze plent la ak OFCCP ak EEOC ajans ki apwopriye a ap mennen yon ankèt sou plent ou a. Nan kèk ka, OFCCP ak EEOC ka deside pou travay ansanm pou mennen ankèt sou plent ou a.

OFCCP a refere anjeneral moun ki gen plent ki swadizan yon diskriminasyon kont gwoses yo nan EEOC a. Epitou anjeneral, OFCCP kenbe prive plent yo pote devan li kont kontraktè federal yo kote li parèt yo gen yon abitid fè diskriminasyon k ap afekte yon gwoup anplwaye oswa aplikan yo, ak sa yo ki deklare diskriminasyon baze sou enfimite (andikap) oswa sitiyasyon veteran. Anjeneral, OFCCP kenbe prive plent yo pote devan li kont kontraktè federal yo k ap deklare diskriminasyon baze sou poze kesyon sou, diskisyon sou, oswa divilgasyon nan salè yon moun.

9. Kisa ki pral pase si yo twouve mwen te yon viktim diskriminasyon nan travay?

Ou ka gen dwa pou jwenn yon reparasyon ki mete ou nan yon pozisyon ou te dwe ye a si diskriminasyon an pa janm te pase. Ou ka gen dwa pou ba ou travay la, ba ou prwomosyon, reba ou travay ou, oswa transfere ou. Epi tou ou kapab gen dwa pou resevwa lajan ou te sipoze touche avan, apre, yon ogmantasyon, oswa yon meanl reparasyon sa yo. Anplis, si OFCCP jwenn ta twouve kontraktè federal oswa sou kontraktè a te fè diskriminasyon, OFCCP fè yon jan pou yo entèdi oswa retire konpayi a pou konsiderasyon pou kontra federal pi devan oswa fè modifikasyon oswa anile kontra li genyen kounye a.

Pou plis enfòmasyon:

THE U.S. DEPARTMENT OF LABOR

Office of Federal Contract Compliance Programs

200 Constitution Avenue, NW

Washington, D.C. 20210

1-800-397-6251

TTY: 1-877-889-5627

www.dol.gov/ofccp

Tanpri note fèy enfòmasyon sa a bay enfòmasyon jeneral. Nou pa te kreye li ak entansyon ranplase lwa ki egziste ak règleman konsènan pwogramki dekri nan dokiman sa a.

